



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN PREMYE SANT SANSIBILIZASYON MOBIL POU VETERAN**

***Depatman Sèvis Veteran Eta New York inogire premye Sant Sansibilizasyon Mobil pou Veteran yo nan Gran Fwa Eta New York la semèn sa a***

***Kapasite mobil sansibilizasyon yo pral rankontre moun kote yo ye, ede plis konekte Veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo ak avantaj yo genyen yo***

***Y ap deplwaye de lòt sant mobil pou Veteran yo nan evènman espesyal ak kominote yo atravè Eta New York nan mwa k ap vini yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman premye Sant mobil pou Veteran Eta New York la, ki ekipe Depatman Sèvis Veteran Eta New York la ak yon flòt twa machin ki ekipe inikman pou ede Veteran, Manm Sèvis, ak Fanmi Militè yo nan nenpòt ki kote atravè eta a. Premye nouvo Sant Sensibilizasyon mobil DVS yo pral sitiye nan Gran Fwa Eta New York la jodi a, kote li pare pou sèvi Veteran, Manm Sèvis, ak fanmi yo ki prezan. Yon lòt de Sant Sensibilizasyon mobil pral lanse nan mwa k ap vini yo.

"Sant inovatè sa yo se yon temwayaj sou angajman enkonidisyonèl nou pou sèvi moun ki te sèvi nou yon fason dezenterese. Lè nou pote sèvis esansyèl dirèkteman bay veteran nou yo, manm sèvis yo, ak fanmi yo, n ap asire ke sipò ak resous yo toujou disponib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a enkòpore devouman nou pou remèt moun ki te bay anpil pou peyi nou an, epi mwen fyè pou m wè vizyon sa a vivifye. Ansanm, n ap fè yon diferans enpòtan nan lavi ewo nou yo atravè New York."

Inogire semèn sa a nan Gran Fwa Eta New York la, epi akonpli youn nan pwopozisyon Eta Leta Gouvènè Hochul yo, Sant Sansibilizasyon Mobil yo bay yon espas inik ak an sekirite pou Veteran, Manm Sèvis, ak Fanmi Militè yo rankontre an konfyans ak yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pa Depatman Afè Veteran (Veterans Affairs, VA) Etazini an, k ap pote sèvis vital sa a nan tout kote ki ozalantou Eta New York kote Veteran yo, Manm Sèvis yo, ak fanmi yo travay, viv, jwe, ak pwospere.

Soti nan yon Sant Sansibilizasyon Mobil, yon Veteran, Manm Sèvis, oswa yon manm Fanmi Militè ka travay avèk yon Konseye Avantaj Veteran pou fè yon reklamasyon oswa kontestasyon pou avantaj VA, enskri nan swen sante VA, resevwa konsèy

konsènan egzansyon taks pwopriete nan rezidans Eta New York yo, jwenn alokasyon anyèl yo nan Chèk Fresh Connect pou echanj nan mache fèmme yo, epi ranpli nenpòt lòt travay ke yo ta kapab ranpli andedan yon biwo fizik Depatman Sèvis Veteran Eta New York.

Deja, angajman adisyonèl yo rezève pou Sant Sensibilizasyon Veteran yo, tankou patisipasyon nan Show RV Eta New York nan Syracuse ak Jounen Parad Veteran yo nan Vil New York, pi gwo evènman Jounen Veteran nan Etazini. Nou ankouraje moun ki ta renmen gen yon Sant mobil pou Veteran yo vizite kominote yo oswa patisipe nan evènman yo pou yo kontakte Depatman Sèvis Veteran Eta New York la nan 1-888-838-7697 pou pran yon orè.

**Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare,** "Ve mwen chak jou kòm Komisè ajans sa a, epi kòm yon Veteran Kò Marin Etazini mwen menm, se pou m jwenn ak sèvi. Mwen konnen pèsònèlman kijan resous federal ak eta a ka gen anpil valè pou yon Veteran nan nenpòt moman nan vwayaj tranzisyon yo soti nan sèvis militè a rive nan lavi sivil. Sant Sensibilizasyon Mobil Veteran yo pral fè yon gwo diferans nan lavi anpil moun, yo ofri yon pwen kontak ki pratik ak yon pwen sèvis ki fasilman aksesib pou Veteran, Manm Sèvis, ak Fanmi Militè yo atravè tout rejyon Eta New York la."

Inisyativ Sant Sensibilizasyon Mobil Veteran souliye angajman fèm Eta New York pou sipòte Veteran eta nou yo, Manm Sèvis yo, ak fanmi yo. Pwogram sa a se youn pami plizyè douzèn avantaj ak sèvis pou veteran nan eta a DVS ak ajans patnè yo administre ki bay yon envestisman ki depase 200 milyon dola k ap sipòte Veteran New York ak fanmi yo nan ane fiskal aktyèl la.

### **Enfòmasyon sou Depatman Sèvis Veteran yo**

[Depatman Sèvis Veteran Eta New York la](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, manm sèvis yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Depatman an nan [888-838-7697](tel:888-838-7697) oswa [vizite sitwèb li a](#) pou rankontre an pèsòn oswa vityèlman — avèk yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

ANILE ENSKRIPSYON OU